




Geni de Tou lè Jou

Mobil a Vwal

Kisa ke ou bezwen:

- Yon moso katon ki menm gwosè ak yon kat endèks ki – 4" x 6". (Ansyen bwat sereyal bon pou sa.)
- Aksèl (chalimo, bwa pou brase kafe, ti bwa ron, bwa sirèt)
- Kawoutchou (Bobin, bouchon, katon an ron, oubyen ansyen kawoutchou lego)
- Tep
- Klips
- Sizo
- Materyèl pou vwal (sache plastik, papye jounal, napkin)
- Ti vantilatè elektrik



Bagay pou Eseye:

- Ak yon patnè (oubyen poukont ou) fè de Mobil a Vwal ak diferan vwal e fè kous ak yo. Ki vwal ki mache pi byen? Oubyen, sèvi ak menm desen pou vwal lan, men eseye diferan desen pou kò machin lan. Eske gwosè kawoutchou yo afekte jan Mobil a Vwal ou an ale? Ki chanjman ke ou kapab fè ak modèl lan?

Kisa pou fè:

1. Fè espas pou travay sou yon sifas ki plat tankou yon tab a manje oubyen atè.
2. Nan yon lòt sifas plat, kreye yon wout tès lè ou mete vantilatè a ak yon liy arive 2 - 3 pye de vantilatè a.
3. Bati yon kò pou machin lan ak baz katon. Materyèl ke ou itilize ap detèmine jan kawoutchou ak aksèl la ap sekirize, men tep ak klips se de materyèl ki travay byen. Teste kò machin lan a pou wè si li roule byen.

Sijesyon: Pou aprann kijan pou atache kawoutchou ak aksèl la ap yon defi enjenyè! Pou Egzanp 1, aksèl yo tepe dirèkteman nan baz lan. Nan ka sa, kawoutchou yo ap sekirize ase nan aksèl lan pou yo pa souke oubyen sot tonbe, e y'ap woule byen. Si kawoutchou rete nan aksèl yon jan li paka roule byen, eseye Egzanp 2 kote aksèl yo kapab roule.

4. Kounyea, desine yon vwal pou machin lan! Vwal lan ap ranmase van de vantilatè a pou li fè machin lan mache. Pran yon minit pou planifye modèl vwal ou. Kijan ke vwal ou "kolekte" van? Ki materyèl ap fè pi bon vwal? Kijan w'ap tache vwal la a baton an? *Sijesyon: rès materyèl aksèl yo fè bon poto.*
5. Yon fwa ke ou planifye modèl ou, bati yon vwal.
6. Eseye nouvo Mobil a Vwal sou chemen tès la. Limen vantilatè a e gade li ale! Eske Mobil a Vwal ou an rive nan liy arive a? Si li pa rive, panse, desine e teste nouvo vwal!